



Pou Piblikasyon Imedya: 30/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 12 KONPAYI NEW YORK PRAL KÒMANSE PWODUI EKIPMAN AK FOUNITI KI GEN RAPÒ AK COVID-19 POU SIPÒTE BEZWEN YO NAN ETA A

Gen 6.9 milyon dola kòm rekonpans yo bay ak fabrikan yo nan eta a ki pral bay gouvènman etatik ak lokal yo ak antite yo nan eta a aksè ki pi rapid ak pi sekirize pou pwodui medikal ki sove lavi yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke 12 konpayi New York te resevwa sipò nan men Eta a pou pwodui founiti ki nesesè pou ede konbat pandemi COVID-19 la. Pandan Eta a aktyèlman gen kèk pousantaj transmasyon ki pi ba nan Etazini, prepare pou yon posib "dezyèm vag" enpòtan pou pwoteje travayè swen sante esansyèl yo ak piblik la. Fon pou sibvansyon sa yo pral ede soulaje mank pwodui yo akòz pwoblèm nan chèn apwovizyonman yo ki ta ka mennen nan pratik pri ki pa jis. Konpayi sa yo pral ogmante tou kapasite fabrikasyon Eta a pandan y ap kreye nouvo travay ak opòtinite nan mache a. Jiskaprezan, plis pase 11 milyon dola nan sibvansyon te bay ak 20 konpayi nan New York ki kalifye pou re-òganize sektè aktivite yo ak oryante nan fabrikasyon founiti vital pou entèvansyon kontinyèl ak efò retablisman yo.

"Pandan pandemi an, nasyon an te aprann yon leson ki di konsènan yon chèn apwovizyonman pou founiti vital isit la nan Etazini ki pa te genyen epi kòm konsekans, nou te oblije pakouri monn lan pou jwen pwodui ki sove lavi ki fabrike esansyèlman aletranje", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Sa p ap rive ankò nan New York - n ap bati enfrastrikti ki nesesè pou lavni epi nan sipòte pivo konpayi lokal yo pou nouvo zòn pwodiksyon yo, nou pral nan yon pi bon pozisyon pou evite pwoblèm òf ak demann epi sekirize atik yo nou bezwen rapid ak nan yon pri rezonab."

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare, "Anpil nan konpayi ki pi enpòtan ak pi inovan nan monn lan sitiye nan Eta New York. Sipò ESD pou biznis sa yo pa sèlman reponn apèl Gouvènè Cuomo pou endistri lokal yo pou ede avèk efò eta a pou konbat kowonaviris la men reflekte tou investisman k ap fèt pou ranfòse sektè fabrikasyon New York, amelyore yon patnè sektè prive divès, dinamik ki ka adapte byen rapid ak nouvo opòtinite sou mache a, epi kontinye rekò kwasans entèlijan li pandan n ap re-ouvri ak grandi nan tout eta a".

Nan mwa mas, Gouvènè Cuomo te mande konpayi yo ki gen operasyon ki baze nan New York yo pou re-òganize liy pwodiksyon yo pou fabrike founiti enpòtan COVID-19 ki [apwouve](#), tankou vantilatè, twous tèss ak PPE ki gen ladan respiratè N95, mask operasyon, gan operasyon ki jetab, blouz, ekran pwoteksyon figi ak valiz danje biyolojik. Tou dènyèmman, Gouvènè a te anonse [ESD te idantifye 20 konpayi](#) pou investisman Eta a pou fabrike founiti ki abòde COVID-19, uit ladan yo te resevwa 4 milyon dola anvan sa pou ede fabrike pwodui yo isit la nan Eta New York.

Enfòmasyon anplis sou 12 konpayi ki anonse jodi a:

CJ Designs: A Christian Siriano Company, Vil New York: 352,590 dola

Fabrike mask/pwoteksyon figi pou anplwaye ki pa medikal yo k ap retounen nan sèvis piblik. CJ Designs te bay Vil Buffalo 10,000 mask inifòm pèsonalize epi te bay Metro North 7,000 mask inifòm pèsonalize. Christian Siriano te chanje byen rapid anvègi estidyo Konsepsyon ak Fabrikasyon dènye mòd li a nan Manhattan pou bay pwoteksyon figi apwopriye pou de nan pi gwo aplwayè piblik nan Eta New York. Konpayi an te investi 600,000 dola nan pwojè sa a, ki te pèmèt li kenbe ekip 17 moun li an pandan l ap ankouraje sekirite ak retablisman ekonomik atravè adaptasyon biznis nòmal li yo. Christian se yon senbòl gwo Nouyòkè ki leve defi a epi sipòte byennèt pi gwo kominote nan Eta New York.

Dellet Industries, Vil New York: 850,000 dola

Fabrike mèb enstitisyonèl, ki fèt sou mezi pou mezon retrèt ak sant swen sante yo. Anplis de mèb, Konpayi an pwodui tou lòt founiti swen sante, espesyalman rido ki itilize pou divize chanm yo. Sant yo a aktyèlman ap pase nan yon remodelaj 662,000 dola pou pèmèt enstalasyon de machin fabrikasyon respiratè, totalman otomatik, koup MMM-N95 ak ekipman ki gen rapò yo. Pwojè 2.2 milyon dola sa a pral pèmèt konpayi an pwodui 1,000,000 respiratè N95 chak mwa epi pral lakòz retou 12 anplwaye ki nan konje. Pwojè a finanse gras ak omwen 300,000 dola nan kapital pwòp konpayi an ak omwen 500,000 dola nan investisman prive.

Empire Bio Diagnostics Corp, Long Island: 500,000 dola

Yon fabrikasyon twous nan Mwayen Transpò Viral (Viral Transport Medium, VTM) itilize pou transpòte echantyon tèss COVID-19 nan Mineola. Twous yo nesès pou koleksyon, prezèvasyon ak transpò echantyon epi gen ladan tanpon regwoupe, flakon, kapichon ak mwayen transpò likid. Konpayi an pral investi plis pase 2,000,000 dola nan ekipman pou ogmante pwodiksyon twous yo. Se yon biznis moulej pa enjeksyon plastik toupre Syracuse ki pral fabrike konpozan plastik yo. Empire Bio Diagnostics se yon antrepriz konjwènt avèk The Ruhof Corporation, yon lidè nan endistri swen sante pandan plis pase 40 ane, k ap founi detèjan ki gen anzim pou ekipman operasyon ak pwodui antretyen enstriman.

Environmental Composites (ECI), Mohawk Valley: 772,259 dola

Yon lidè nan fabrikasyon tekstil avanse ak pwodui filtrasyon ki pral fabrike respiratè N95 yo. ECI te vle ogmante founiti PPE Eta New York fabrike, idantifye yon goulo etrangleman nan chèn apwovizyonman an epi te devlope yon solisyon fabrikasyon

altènatif pou ogmante byen rapid pwodiksyon nasyonal respiratè N95 nan eta a. ECI pral investi 3,245,036 milyon dola nan pwodiksyon respiratè N95 avèk yon pousantaj pwodiksyon sib pou plis pase 6,000,000 inite chak mwa, ki kreye anviwon 50 travay. ECI ap travay avèk distribitè lokal yo ak Eta New York pou alokasyon epi respiratè N95 yo pa disponib pou acha dirèk.

Genesis Disposables LLC, Mohawk Valley: 135,000 dola

Fabrikasyon rad ak akseswa jetab pou yon kliyantèl divèsifye pandan plis pase 30 ane nan sant yo a ki sitiye nan Frankfort, Konte Herkimer. Li gen ladan yon gwo gam matyè premyè ki ka konvèti byen rapid an pwodui fini, sa ki pèmèt yo ofri delè egzekisyon eksepsyonèl. Premye objektif konpayi an se pwodui rad lopital ki jetab epi sa te elaji pou ajoute pwodui pou antretyen ak itilizasyon endistriyèl ansanm ak pwodui ki konsevwa pou reponn ak bezwen espesifik pou espesyalite nan mache jetab la. Genesis Disposables pral investi 390,000 dola pou pwodui 65,000 blouz izòlman nivo 1 ak nivo 2 epi pral kreye 20 travay.

HPK Industries, Mohawk Valley: 1,000,000 dola

Yon konpayi ki gen yon repitasyon etabli pou fabrike rad ak akseswa jetab bon kalite, ak avanse teknolojikman epi pral pwodui mask operasyon ki gen 3 kouch, blouz kalite baryè nivo 3 ak blouz nivo 2. HPK Industries pami konpayi dominan yo nan konsevwa ak fabrike rad pwoteksyon pou swen sante, famasetik, syantifik, sal pwòp ak sekirite endistriyèl. HPK industries aktyèlman se founisè PPE Eta New York epi pral investi 6,675,000 milyon dola, pwodui 1,000,000 ak kreye 30 travay, elaji pwodiksyon an pou kenbe nivo apwovizyonman Eta a wo.

KSL Diagnostics, Inc, Rejyon Lwès New York: 800,000 dola

Avèk yon laboratwa klinik prive nan rejyon Nò Eta New York. Pwojè a enplike ekspansyon fabrikasyon materyèl koleksyon echantiyon pou COVID-19, kapasite dyagnostik ak anvègi tès yo. Twous koleksyon tès yo a ap pwodui nan Western New York pou distribisyon bay mezon retrèt yo, sant operasyon anbilan yo, lopital ak laboratwa nasyonal yo pou ede satisfè gwo bezwen pou fè tès. KSL pral investi 2.1 milyon dola avèk plan pou anboche 36 anplwaye anplis pou pwodui 10,000+ twous echantiyon tès chak semèn ak ogmante kapasite tès li.

Print Parts, Inc, Vil New York: 679,080 dola

Print Parts, Inc. itilize teknoloji enpresyon 3-D pou kreye solisyon fabrikasyon avanse pou kliyan yo. Avèk èd Empire State Development, Print Parts te rapidman re-òganize operasyon ki egziste yo epi achte plizyè nouvo enprimant DLP 3-D pou fabrike plizyè santèn tanpon Nazofarenje (NP) pou Vil New York. An total, Print Parts, Inc. te investi omwen 1.2 milyon dola pou akselere ak atenn pwojè li pou Vil New York, fabrike plis pase 700,000 inite epi kreye kat travay nan syèj sosyal Manhattan li an.

Rheonix, Southern Tier: 750,000 dola

Yon konpayi dyagnostik molekilè ki te resevwa Otorizasyon Itilizasyon Dijans FDA pou nouvo tès Rheonix COVID-19TM MDx li te devlope a, ki pèmèt gen rezilta tès yo nan menm jou nan pòs travay Rheonix Encompass MDxTM. Tou de pòs travay yo ak tès yo

aktyèlman pwodui nan sant Ithaca yo a. Sistèm lan egzije ti fòmasyon pou itilize li epi li ka enstale byen rapid nan lokal kritik ki gen bezwen imedya yo. Li ideyalman adapte pou itilizasyon nan laboratwa ki gen rannman fèb rive mwayen, pou pèmèt rezilta nan menm jou pou rezo sante lokal ak rejyonal yo, sant enstitisyonèl yo ak lopital yo. Gras ak sipò Eta New York, Rheonix pral pwodui 6,790 twous tès pou rann 162,960 tès (inite) pou kliyan Eta New York yo rive twazyèm trimès 2020 an ak kreye 53 nouvo travay. Aktyèlman, gen 14 pòs travay k ap itilize nan eta a ak sis pòs travay anplis ki gen lòd pou deplwaye nan New York.

Shatkin F.I.R.S.T, LLC, Rejyon Lwès New York: 675,000 dola

Yon konpayi founiti dantè ak medikal ki baze nan Amherst, Konte Erie. Avèk èd Empire State Development, Shatkin F.I.R.S.T. te achte yon machin fabrikasyon respiratè N95 pou fabrike plizyè santèn milye respiratè N95 pou kliyan yo nan endistri swen sante a. An total, Shatkin F.I.R.S.T. te envesti plis pase 500,000 dola jiskaprezan, te anboche omwen 30 moun, te fabrike plis pase 200,000 respiratè N95, epi te achte dènyèman yon dezyèm machin pou kapab fabrike plizyè milyon respiratè N95.

Starline USA, Rejyon Lwès New York: 200,000 dola

Yon biznis milti-jenerasyonèl, famiyal nan endistri pwodui pwomosyonèl ki gen ladan ekipman sekirite tankou linèt ak pwoteksyon pou tèt. Kapasite lazè Starline USA pou pwodui atik pwomosyonèl, te byen rive re-òganize li pou kriz COVID-19 la nan pwodui ekran pou figi epi konpayi an te deja ap vann pwodui ki gen rapò ak PPE nan monn mache pwomosyon an. Starline te devlope yon pwototip ke yo te voye ale pou American National Standards Institute/International Safety Equipment Association (ANSI/SEA) teste kont egzijans pou ekran pou figi yo ak pou asire ekran pou figi yo te vyab sou mache a. Ekran pou figi Starline ap pwodui yo se inite otonòm, byen ajistab, anbale endividyèlman, vantile, netwayab ak bay pwoteksyon konplè pou figi itilizatè a. Kou total pwojè a se 485,000 dola epi plan konpayi an se pou pwodui 1,080,000 ekran pou figi.

You First Services, Rejyon Lwès New York: 250,000 dola

You First Services, ki baze nan Buffalo, Konte Erie, se yon konpayi START-UP NY ki gen sèt ane epi ki espesyalize nan sistèm dezenfeksyon ak esterilizasyon lè. Teknoloji yo ki gen patant eskizif lan gen ladan SteriSpace, yon teknoloji konfinman maladi kontajye ak izòlman pasyan ki jwenn lisans nan men SUNY Research Foundation ak SUNY Buffalo. SteriSpace touye 99.9999% kontaminan biyolojik nan lè ki gen ladan SARS, anthrax, grip, tibèkilòz ak kowonaviris, jan sa te teste avèk finansman Depatman Defans (Department of Defense) Etazini an. Anvan finansman Eta New York la, teknoloji SteriSpace la te konsantre souabri tanporè ak lopital kanpay lwen yo ke U.S. DoD ak FEMA te deplwaye. Avèk finansman COVID-19 ESD a, You First Services pral kapab ogmante teknoloji a pou li enstale yon fason pèmanan nan sal izòlman ak sal konfinman lopital yo, bilding gouvènman ak piblik yo tankou enfimri inivèsite yo ak zòn reyinyon yo, lekòl, restoran, antre fwontyè ak espas sekirite yo, sal dijans, ICU (Inite Swen Entansif), biwo dantis ak sal datant pou pasyan. You First Services prevwa depans pou enstale SteriSpace la nan etablisman ki egziste yo pral nan entèval 50,000 dola pou 300,000 dola pou chak lokal, tou depann de gwosè ak kompleksite etablisman an. You First Services ap envesti plis pase 1 milyon dola pou fè enstalasyon nan

premye senk sit yo epi konte ajoute jiska 20 anplwaye a tan plen ak tan pasyèl nan ekip aktyèl li a ki se 40.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)